



## Uburyo bwo gutanga ikirego kijanye na Title VI

Umuntu wese yemera ko we, ubwiwe, canke nk'umunywanyi w'umugwi w'abantu, yahuye n' ikumira rifatiye ku bwoko, ibara ry'urukoba, ibara, inkomoko y'igihugu c'amavuko, igitsina, imyaka, kutamenya neza ururimi, canke ubumuga ashobora gutanga ikirego yitura ibiro vya AOT bijejwe agateka ka zina muntu no gukurikiza amategeko y'akazi.

Ibirego bijanye na porogarama y'ikumira rya Title VI vyorungikwa ku rubuga ngurukana bumenyi biciye [kwi ifishi y'ibirego ya Title VI \(<https://tinyurl.com/aottitlevi>\)](#) bimaze kurungikwa, Umuhuzabikorwa w'ivya Title VI ya AOT azohamagara uwabitanz. Kugirango utange ibirego vya Title VI mu buryo bw'iposita, imeyili, canke telefone, amakuru y'uko wobatora n'aya akwirikira:

Patricia Martin, Umuhuzabikorwa wa Title VI

Ikigo c'Ingendo ca Vermont

Ibiro vy'agateka ka zina muntu hamwe no gukurikiza amategeko y'akazi

219 North Main Street

Barre, VT 05641

Imeyili: [patricia.martin@vermont.gov](mailto:patricia.martin@vermont.gov)

telefone: 802.595.6959

Ibirego vyanditse bitegerezwa gushirwako umukono na mwene ikirego. Ibirego bitanzwe mu buryo bwa telefone canke imeyili, hamwe n'ibirego vyanditswe bidateweko umukono bitegerezwa gukurikirwa n'ikirego canditswe, giteweko umukono na mwene ikirego canke uwumuserukiye mu minsi 10 y'akazi y'iyatanzwe mu buryo bw'amajambo/bw'ubuhinga bwa none/ibirego bidateweko umukono. Ibibazo bitanzwe biciye muri imeyle birasubizwa kandi bigakurikiranwa. Nimba uwatanz ibirego asaba ubufasha mu kurungika impapuro zanditswe, Umunywanyi w'ibiro vya AOT vy'agateka ka zina muntu azobaza uwatanz ibirego kandi afashe uwo muntu gukura ibirego mu majambo abishire mu nyandiko. Uru rupapuro rtegerezwa gushirwako umukono na Mwene ikirego canke uwumuserukira. Amategeko ya Leta n'ay'Intara asaba ko ikirego gishikirizwa mu minsi 180 kuva igihe igikorwa c'ikumira kivugwa.

Mu gihe ikirego kimaze kurungikwa mu nyandiko, AOT izoca ifata intambwe zikurikira mu gukemura ikirego:

1. Ikirego kizoshirwa ku rutonde rw'ibirego vya Title VI rwitwarirwa n'ibiro vy'agateka ka zina muntu muri AOT, kumenyekanishwa izina ry'uwanatanze ikirego, igenekerezo ry'igikorwa, igikorwa kivugwa, hamwe n'amakuru y'imbereho y'ibanze ajanye n'uwanatanze ikirego.
2. Umuyobozi wa AOT wa Title VI azokwuzuza ifishi y'ikirego ca Title VI (raba urupapuro 29)
3. Amakuru ahambaye kw'ifishi arimwo ibi bikurikira:
  - a. Igenekerezo ry'ivyabaye vyashikirijwe mu kirego;
  - b. Igihe vyabereye;
  - c. Aho vyabereye; na
  - d. Ivyerekeye ivyabaye mu nsobanuro iramvuye ishoboka, harimwo insiguro z'ibibazo hamwe n'amazina n'ibanza vy'akazi vy'abo bantu bafatwa nk'abafitaniye isano n'ikirego.
4. Ifishi yujujwe, hamwe n'ikete ry'ikirego c'ibanze n'insobanuro y'amakuru yose, bizoshikirizwa ku biro vya FHWA vy'ishami rya Vermont kugira bitorwe kurungikwa ku biro bikuru vya FHWA vy'agateka ka zina muntu i Washington, DC.
5. FHWA HCR niyo ifata ingingo yo kwemera, kwanka, canke kurungika ikirego ahandi. Igihe

FHWA ifashe ingingo yo kwemera, kwanka, canke kurungika ikirego ahandi, FHWA HCR izomenyesha nyene ikirego, ishami rya FHWA rya Vermont, AOT, hamwe n'uwuri mu kibanza c'uwalira ( aho bikwiriye) Hari ibantu bine bishobora kuva mu gutunganya ikirego:

**Kwemera:** nimba ikirego gitanzwe ku mwanya, gifise amakuru ahagije ashigikira ibiregwa gishingiye kuri Title VI, kandi kiraba ibibazo biri mu bubasha bwa FHWA, hanyuma HCR izorungika mwene ikirego, AOT, n'ibiro vy'ishami rya FHWA vyanditse ko yemeye ikirego kugirango hakorwe iperereza.

**Isuzuma ry'ibanze** Nimba bidasobanutse ko ivyagirizwa mu kirego bihagije kugira ngo bishigikire ikirego kuri Title VI, rero HCR ishabora (1) kuvyanka canke (2) kugira ngo isuzume isuzuma ry'ibanze kugira ngo ironke ayandi makuru ya mwene ikirego na/canke uwabajijwe imbere yo gufata ingingo nimba ari kwemera, kwanka, canke kurungika ikirego ahandi.

**Kwanka ikirego** Nimba ikirego kidatanzwe ku gihe, kitari mu nyandiko kandi kigashirwako umukono, canke cerekana izindi nenge zikorwa/zifatika, maze FHWA HCR izorungikira uwatanze ikirego, AOT, n'ibiro vy'ishami rya FHWA itangazo ryanditse ko ryanse ikirego.

**Kurungikwa ahandi/kwanka** Nimba ikirego gihagije mu buryo bukurikizwa ariko FHWA (1) idafise ububasha ku bibazo canke (2) idafise ububasha ku rwego rwishura, rero FHWA HCR izohagarika ikirego canke ikakirungika mubindi bigo bifise ububasha. Nimba FHWA HCR yanse ikirego, izorungikira mwene ikirego, AOT, n'ibiro vy'ishami rya FHWA ikopi yanditswe y'itangazo ryo kwanka. Kubarungika, FHWA izorungika inyandiko yanditswe y'itangazo irungitswe hamwe na kopi y'ikirego mu kigo gikwiye ca leta hamwe na kopi ku biro vy'igisata vy'agateka ka zina muntu USDOT.

6. Ikirego gishobora kwankwa kubera impamu zikurikira:

- a. Haheze iminsi irenga 180 hagati yivyabaye bivugwa no gutanga ikirego cambere.
- b. Ivyagirizwa ntabwo bijamwo ishingiro iri muri Title VI, nk'ubwoko, ibara, inkomoko y'igihugu, imyaka, igitsina, kutamenya ururimi bikwiriye, canke ubumuga.
- c. Ivyagirizwa ntabwo bijamwo AOT canke umwe mubashinzwe amafaranga ya leta.
- d. Mwene ikirego yananiwe kwishura ibibazo bisubiwemwo vyinshi bisabwa kugira baronke amakuru yiyongereye kugira ngo ikibazo gikemuke.
- e. Mwene ikirego ntashobora kuboneka inyuma yo kugerageza gutanga ibirego.

7. FHWA HCR ishinzwe gukora iperereza ryose ry'Igisata ca Leta gishinzwe gutwara abantu n'ibantu n'abandi bahawé ubwa mbere. Ku bijanye n'ikirego catanzwe kw'iperereza ry'ibanze, FHWA HCR ishabora gukora iperereza ubwayo, canke ishabora guha iperereza ry'ibanze rya Leta DOT. Nimba HCR ihisemwo guha iperereza ry'ibanze, HCR izomenyesha ikirego cayo ikirego n'uwaitanze ikirego, ariko Umuyobozi wa AOT Title VI azokora ibisabwa vyose, ibibazo, n'isesangura.

Nimba iperereza rikorwa na AOT Title VI Umuhuzabikorwa/Ibiro bishinzwe agateka ka zina muntu, bitegerezwa guhera mu minsi 60 uhereye igihe yakiriye irungitswe na FHWA.

Nimba FHWA HCR iriko ikora iperereza, nta gihe ntarengwa cagenwe, ariko FHWA yihatira guheza ibikorwa vyose mu minsi 180 uhereye umunsi yakiriwe.

8. Nimba iperereza rikorwa n' umuhuzabikorwa wa AOT Title VI, Umuhuzabikorwa wa VI azokora Icegeranyo c'iperereza (ROI), kizorungikwa muri FHWA HCR. HCR izosuzuma ROI ikore Ikete ryo Kurondera ishingiye kuri ROI.



## ADA Uburyo bwo gutanga Ikirego

Umuntu uwo ari we wese yizera ko yakorewe ikumirwa rishingiye ku bumuga, umuntu ku giti ciwe, canke nk'umunyamuryango w'igiciro runaka c'abantu, ashobora gutanga ikirego mu kigo ca Vermont gishinzwe gutwara abantu n'ibiro bishinzwe agateka ka zina muntu.

Ibibazo vyose bijanye n'ikumira ry'ubumuga bikwiye gutumbera Patricia Martin, Umuhuzabikorwa wa ADA na Title VI, Ikigo gishinzwe gutwara abantu n'ibintu (AOT), Ibiro bishinzwe agateka ka zina muntu. Ibibazo birashobora gutangwa hakoreshejwe ubuhinga bwa none, kuri terefone, kuri fax, canke n'amaposita yo muri Amerika (USPS), ku buryo bukurikira:

- Ku buhinga bwa none kuri AOT urubuga: <https://tinyurl.com/aotada>
- Imeyili: [AOT.CRADA@vermont.gov](mailto:AOT.CRADA@vermont.gov)
- Terefone: 802.595.6959
- Patricia Martin, umuhuzabikorwa wa ADA & Title VI
  - Ikigo c'Ingendo ca Vermont
  - Ibiro vy'agateka ka zina muntu
  - 219 North Main Street
  - Barre, VT 05641

abantu bose batanze ikirego ca ADA muri AOT bazobonana mu minsi itatu (3) y'akazi uhoreye igihe batanze ikirego. AOT yiyeje gutanga inyishu ikwiriye kandi yihuse kandi gikemurwa ku bibazo vyose vya ADA n'ivypfuzo. Nimba umuntu ku giti ciwe akeneye ubufasha bwo gutanga ikirego, Umuhuzabikorwa wa AOT ADA canke uwundi munyamuryango w'ibiro vya AOT vy'agateka ka zina muntu azofasha umuntu gutanga ikirego. Amategeko ya leta nay'intara arasaba ko ikirego cotangwa mugihe c'iminsi 180 uhoreye igihe bivugwa ko ari ivangura.

Ikirego kimaze gutangwa, AOT izokurikiza inzira zikurikira mugukemura ikibazo:

1. Mwene ikirego azohamagarwa mu minsi itatu (3) y'akazi inyuma yo kurungika no guhabwa insiguro vyakozwe kandi ahabwe ubuyobozi n'ubufasha kugirango ikibazo gikemuke.
2. Umuzabikorwa wa AOT ADA azotanguza fomu y'ikirego.
3. Amakuru ahambaye kw'ifishi arimwo ibi bikurikira:
  - a. Igenekerezo ry'ivyabaye vyashikirijwe mu kirego;
  - b. Igihe vyabereye;
  - c. Aho vyabereye; na
  - d. Igihe vyabaye mu buryo buramvuye bushoboka, harimwo gusobanura ibibazo n'amazina y'abo bantu bafatwa nk'ababuranyi mu kirego.
4. Impapuro zujujwe, hamwe n'urwandiko rwa mbere rw'ikirego hamwe n'incamake y'ayandi makuru yose, bizoshikirizwa Umuyobozi wa AOT ushinzwe agateka ka muntu kugira ngo bisuzumwe. Umuyobozi mukuru w'agateka ka muntu azosuzuma ububasha bw'ubucamanza n'ukwemerwa kw'ikirego hamwe n'ayandi makuru yokenerwa kwongerako. Inyuma yo kuronka amakuru yinyongera, Umuyobozi mukuru w'agateka ka muntu azosuzuma nimba yakira canke yanka ikirego.
5. Mwene ikirego azohabwa integuza yanditseko ko AOT yemeye canke yanse ikirego.
6. Ikirego gishobora kwankwa kubera impamvu zikurikira:
  - a. Haheze iminsi irenga 180 hagati ivyabaye bivugwa no gutanga ikirego cambere.
  - b. Ivyagirizwa ntabwo birimwo ubumuga.
  - c. Ivyagirizwa ntabwo birimwo VTrans canke umwe ari mu kibanza c'uwaliriye amafaranga ya leta.
  - d. Mwene ikirego yananiwe kwishura ibibazo bisubiwmwo vyinshi bisabwa kugira baronke amakuru yiyongereye kugira ngo ikibazo gikemuke.
  - e. Mwene ikirego ntashobora kuboneka inyuma yo kugergeza gutanga ibirego.
7. Ikirego cemewe kizohabwa nimo y'imanza kandi candikwe mu bubiko no mu gitabo c'ibirego ca AOT ADA gikomezwa n'ibiro vya AOT bijejwe agateka ka zina muntu, cerekana izina ry'uwatanze ikirego, igenekerezo vyabereyeko, n'amakuru ajanye n'ivyabaye bivugwa.



8. Umuyobozi wa AOT ADA, afashijwe n'abandi bagize ibiro bijejwe agateka ka muntu bigishirijwe mw'iperereza ry'ibirego, bazotangura iperereza ku kirego, kandi buzuze icegeranyo mu gihe kitarenze iminsi 45 uhoreye igihe ikirego cakiriwe. Icegeranyo kizoba kirimwo insiguro yerekana ivyabaye, kumenyekanisha abantu babajjwe, ivyavuyemwo, n'icifuzo c'ivyokorwa.

9. Icegeranyo kizosuzumwa n'umuyobozi mukuru w'ibiro nya AOT vy'agateka ka muntu kandi irungikwe mu gice c'amategeko ca AOT, bibaye ngombwa. Umuyobozi mukuru azo kwemera canke yanke icifuzo c'ivyokorwa, abigishijwe inama n'uwashinzwe amategeko, kandi nimba abantu babigizemwo uruhara basanze batubahirije ibisawa na porogarama ya ADA, hazoshirwaho imigambi yo gukosora.

10. Ivyavuye mw'iperereza n'icemezo c'umuyobozi mukuru bizonungikirwa mwene ikirego. Amatangazo azoba arimwo amakuru ajanye n' uburenganzira bwa mwene ikirego n'amabwirizwa yo gutanguza ico kirego. Amatangazo yo kwunguruza urubanza ni aya akurikira:

- a. AOT izosubiramwo icemezo nimba amakuru mashasha abonetse.
- b. Nimba mwene ikirego atashimye icemezo na/canke ingingo yashitsweko na AOT, ikirego kimwe gishobora gushikirizwa ikigo kibishinzwe canditse hano hepfo:

Ibiro nya Leta bishinzwe gutwara abantu n'ibantu (FTA) Ibiro  
bishinzwe Uburenganzira bwa Muntu

1200 New Jersey, S.E. 5th Floor TRC East Building  
Washington, DC 20590

Terefone: 202.366.4043

canke

Ubuyobozi bukuru bw'amabarabara (FHWA) Igice ca Vermont

87 State Street, Suite 216

Montpelier, VT 05602

802.828.4423

11. Kopi y'ikirego n'icegeranyo c'iperereza rya AOT, ikete ry'ivyo batoye, n'umugambi w'ibikorwa vyo gukosora bizoshikirizwa iminsi 120 uhoreye igihe ikirego cakiriwe ubwa mbere ikigo cabigenewe cavuzwe haruguru.

12. AOT igomba kubika dosiye ku mwaka umwe ibirego vyose vyubahirizwa vyakiriwe, hamwe n'insiguro y'ivyo birego vyose biri muri dosiye mu myaka itanu, hashingiwe kuri 2 CFR Igice ca 200.334, Umugambi wa Leta ya Vermont Umugambi rusangi GRS-1000.1102, na ADA Circular 4701.1, Igice 12.7.3.



Ibiro vy'agateka ka zina muntu hamwe no gukurikiza amategeko y'akazi

Ikigo c'Ingendo ca Vermont

### Ifishi y'ikirego

Nizera ko nakumirirwe (canke uwundi muntu) yakumiriwe hashingiwe kuri: (Hitamwo ibisabwa vyose)  
Ubwoko \_\_\_\_ Ibara \_\_\_\_ Inkomoko y'ighugu \_\_\_\_ Ubumuga \_\_\_\_ Ibindi \_\_\_\_\_

Izina rya mbere: \_\_\_\_\_ Izina rya nyuma: \_\_\_\_\_

Aderese: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Igisagara: \_\_\_\_\_ Intara: \_\_\_\_\_ Zip: \_\_\_\_\_

Terefone: \_\_\_\_\_ Mayile: \_\_\_\_\_

Igenekerezo ryo gutanga \_\_\_\_\_ ikirego: Igenekerezo n'igihe c'ikumirwa kivugwa: \_\_\_\_\_

Aho vyabereye: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Sigura neza bishoboka ivyabaye n'impamvu wizera ko warenganjwe. Shiramwo izina n'amakuru aranga umuntu (abantu) bagukumira (niba bizwi) hamwe n'amazina n'amakuru aranga ivyabona.: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Izina ry'ikigo iki kirego kirwanya:** \_\_\_\_\_


Amakuru aranga umuntu wo kurico kigo: \_\_\_\_\_

Ico akora/uwo twohamagara ico akora: \_\_\_\_\_

Terefone: \_\_\_\_\_

Warigeze kwandikisha ikirego kijanye na Title VI ya ADA muri iki kigo? Ego \_\_\_\_ Oya \_\_\_\_

Nyabuana urasabwa kwongerako amakuru ayariyo yose yinyongera ajanye n'ikibazo cawe: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_



Ikigo c'Ingendo ca Vermont

Uriko utanga iki kirego mw'izina ryawe? Ego \_\_\_\_ Oya \_\_\_\_ nimba ari oya, Nyabuna urasabwa gutanga amakuru akurikira:

Izina ry'umuntu kuri we uriko urandikisha ikirego: \_\_\_\_\_

Ico mupfana n'umuntu kuri we uriko urandikisha ikirego: \_\_\_\_\_

Usabwa gusigura impamvu utanga iki kirego kubandi bantu: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Wararonse uruhusha rw'uwo muntu rwo kwandikisha iki kirego? Ego \_\_\_\_ Oya \_\_\_\_

Warigeze wandikisha iki kirego mu zindi nzego zose za Leta, intara, canke ikigo c'ibanze, canke Sentare iyo ari yo yose ya Leta canke y'Intara? Ego \_\_\_\_ Oya \_\_\_\_ nimba ari oya, usabwa gutanga amakuru akurikira:

Izina ry'ikigo: \_\_\_\_\_

Amakuru aranga umuntu wo kurico kigo: \_\_\_\_\_

Akazi/ico ajejwe ku kazi \_\_\_\_\_

Aderese: \_\_\_\_\_

Igisagara: \_\_\_\_\_ Intara: \_\_\_\_\_ Zip: \_\_\_\_\_

Terefone: \_\_\_\_\_ Igenekerezo ryatanzweko ikirego: \_\_\_\_\_